ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Ordinary Level

SHONA 4007/2

PAPER 2: Zvirungamutauro, Misambo yeMutauro neMaumbirwo eMutauro

SPECIMEN PAPER 2 hours

Additional materials:

Answer paper

NGUVA: Maawa maviri

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **minomwe** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji matanhatu nemaviri asina chinhu.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, Specimen Paper.

©ZIMSEC SPECIMEN PAPER

[Enda kuseri

CHIKAMU I

CHIKWATA A: ZVIRUNGAMUTAURO

Pindura mibvunzo **miviri** muchikamu chino.

1 Mumagariro avaShona, tsumo dzinonyanyoshandiswa pakuraya. Wakanangana nepfungwa iyoyi, tsanangura kuti imwe neimwe yedzinotevera inoudzwa munhu achirayirwa kutii pamusana pemararamiro. Sarudza **shanu chete**.

(a) Nhambetambe inoregwa ichanaka. (1)

(b) Dzivaguru idivakamwe ukadzokazve unowana ngwena dzasvinura. (1)

(c) Chati homu chareva. (1)

(d) Ziso rimwe harina ukomba. (1)

(e) Ane marengenya haachariki moto. (1)

(f) Chisi hachiyeri musi wacharimwa. (1)

(g) Kudya nyemba nevauya dzinowana wadzinozvimbira. (1)
[5]

2 Sarudza madimikira **mashanu,** ugopa zvaanoreva uchiburitsa muitiro wevanhu unoenderana nezvisikwa zviri maari.

(a) Kuva nechioko chegudo. (1)

(b) Kusadonhedza minhenga sechapungu. (1)

(c) Kugarira guyo sembwa. (1)

(d) Kungwarira paduri sehuku. (1)

(e) Kuvhiya chidembo pavanhu. (1)

(f) Kuita misodzi yegarwe. (1)

(g) Kubata mwana wengwe. (1)
[5]

3 Ipa nyaudzosingwi dzinoenderana nezviito **zvishanu** pane zvinotevera sokuti:
Kudonha kwedamba: do-o

(a) Kupedza zvanga zviri mundiro. (1)

(b) Kubata zvakasimba. (1)

(c) Kurumwa nenyuchi. (1)

(d) Kuchena kwevhudzi. (1)

(e) Kumedza zvinonzwika. (1)

(f) Kusimuka uchikurumidza. (1)

(g) Kushamisika. (1)
[5]

Enda kuseri

CHIKAMU II: MISAMBO YEMUTAURO

Pindura mibvunzo **yose** muchikamu chino.

4 **(a)** Doma misambo yemutauro **mina** yaunoziva. (4)

(b) Kubva pamisambo yawadoma pamusoro, sarudza **mitatu chete** ugotsanangura zvinhu **zviviri** zvinowanikwa mune mumwe nemumwe. (6)

[10]

5 Kunyange munhu watadzirwa uchinyunyuta pane mutauriro une mutsa pakusvitsa nyunyuto yako.

Nyatsoverenga tsamba yenyunyuto iri pazasi ugoinyora zvakare uchiita kuti pfungwa iri muchirevo chega chega ive nemusambo une mutsa.

307 Muuyu Street
Rujeko Township
Madhorobha

22 Kubvumbi 1963

Amai Mandigona

Zana renyu ramakaita ndegerera sesango rerimuka richakupinzai muna taisireva.

Pamba penyu hapana michero here zvamunosiya ziTozivepi renyu richizokushumura mango dzangu. Vana vangu munoti havadzidi here? Pamusoro pezvo, zana renyu rakasiya maganga nemashizha zvati mwarara nechivanze. Zvino ini vangu vana vanhu chaivo vanomirira kuti dziibve vachazodyei iro gudo renyu richikuzhumurira pasi maganga kudaro.

Amai Nhiya, batisisai yambiro yangu: Mukasauya kuti tizotaurirana muchazviona!

Venyu

Amai Chitatu

[10]

CHIKAMU III: MAUMBIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo **mitatu chete** muchikamu chino.

6 **(a)** Mazita anoumbwa sei muChishona? (1)

(b) Ratidza maumbirwo emazita anotevera:

chiringiriro	muto	panze
mwana	Gweru	tezvara
nyaudzosingwi	zigomana	denga

(9)
[10]

7 **(a)** Ronga zvisazitasingwi zvinotevera muzvikwata **zviviri** zvakakodzera ugodoma zita rechikwata chimwe nechimwe:

iwe	irwo	ini	iye	iko	ipo
icho	isu	imi	ivo		

(4)

(b) Tsanangura maumbirwo echikwata chimwe nechimwe chawaumba pamusoro, uchipa muenzaniso **mumwe chete** pachikwata choga choga. (4)

(c) Tsanangura basa **rimwe chete** rezvisazitasingwi. (2)

8 Kubva muzvirevo zvinotevera nyukura zviito ugoratidza zvinotevera:

(i) chiito chashandiswa

(ii) mudzi wechiito chacho

(iii) rebeso yashandiswa pachiito ichocho

(iv) zita rerebeso yacho

(a) Mbuya vakabikira sekuru doro. (2)

(b) Mwana wemanyawi uya anoroveka nyore. (2)

(c) Kasikana kakatambisa pamuchato. (2)

[Enda kuseri

(d) Muvaki achapfurunura imba yedu. (2)

(e) Anosekerera chaizvo nerudo. (2)
[10]

9 Nyora zvirevo uchishandisa dzitsi rechiito /**-cheka**/ riri murebeso dzinotevera:

(i) yekuitira (2)

(ii) yegoneko (2)

(iii) yekuitwa (2)

(iv) yekonzero (2)

(v) yemherevedzo (2)
[10]

10 Tsanangura nzira yaungashandisa kuti izwi rimwe nerimwe riri pazasi rive chindori. Shandisa izwi rega rega somuenzaniso.

ini	ano	chiremwaremwa
gudo	vasekuru	[10]

BLANK PAGE

BLANK PAGE